

**Kisa epatit B ye?**

Epatit B se yon jèm (viris) ki ka lakòz fwa a anfle. Pifò moun ki gen enfeksyon epatit B a ka retire jèm nan, nan kò yo. Men gen nan lòt, enfeksyon an pa janm ale. Enfeksyon ki rete pou anpil tan, ke yo rele tou epatit B kwonik ka lakòz sirosis (sikatrizasyon fwa a), kansè nan fwa oswa ensifizans fwa. Pwoblèm sa yo rive anjeneral plizyè ane apre enfeksyon an.

Ki sentòm li genyen?

Kèk moun pap gen okenn sentòm. Si sentòm yo ta parèt, yo devlope depi 6 semèn oswa jiska 6 mwa apre ekspozisyon a viris la, epi yo ka parèt tankou:

- Blan zye a ak po a vin jòn
- Fyè
- Noze
- Vomisman
- Sentòm tankou Grip
- Fatig
- Pipimawonfonse
- Doulèlestomak
- Sèlkoulègri (matyèfekal)

Kijan epatit B a pwopaje?

Viris epatit B a pwopaje lè san, spèm, sekresyon vajinal, oswa lòt likid ki soti nan kò yon moun ki enfekte antre nan kò yon moun ki pa enfekte. Sa ka rive pa kontak seksyèl; nan pataje egij ak atik tankou bwòs ak razwa, oswa lè san ki enfekte antre nan yon blese ki sou po a. Viris la ka pwopaje tou de yon manman a pitit li pandan lap akouche.

Eske li ka trete?

Pifò moun ki fè epatit B fè mye san trètman. Pa gen trètman ki pou anpeche epatit B grav la tounen yon enfeksyon pou tout lavi. Kèk moun ki gen epatit B kwonik ka trete ak remèd. Gen yon vaksen ki san danje epi ki efikas pou anpeche enfeksyon pou moun ki pa genyen epatit B.

Kisa fi ansent ki gen epatit B dwe fè?

Si ou ansent, pitit ou a ka enfekte ak epatit B pandan akouchman an. Pale ak doktè ou konsènan sa ou dwe fè pou anpeche sa. Asire w ke pitit ou a pran yon piki ki rele imino- globulin pou epatit B (*HBIG: hepatitis B immune globulin*) ak premye dòz vaksen epatit B a pandan 12 èdetan apre li fèt la. Mande doktè ou kilè pou pitit ou a pran lòt dòz vaksen epatit B a. Lè li fin pran tout vaksen yo, pitit ou a dwe fè yon tès san pou asire ke li pwoteje kont epatit B. Si ou gen epatit B, pa gen danje pou bay pitit ou a tete, prensipalman si bebe a te resevwa HBIG a ak vaksen epatit B a.

Kijan moun ki gen epatit B ka pran swen tèt yo?

- Ale wè doktè w regilyèman.
- Pa bwè alkowòl.
- Tcheke ak doktè w avan w pran yon nouvomedikaman, enklimedikaman san preskripsyon ak remèdfèy.
- Pran vaksen kont epatit A ak epatit B.

(Kontinye)

Kijan ou ka evite epatit B?

Pi bon fason pou pwoteje kont epatit B se pran vaksen kont epatit B a. Lòt fason ou ka diminye risk pou pran epatit B, se evite kontak ak san oswa likid ki soti nan kò, lè ou:

- Itilize pwoteksyon tankou kondòm lòt wap fè sèks.
- Mete gan lè ou pral an kontak ak san oswa likid kap soti nan kò.
- Pa pataje bwòs, razwa, oswa nenpòt lòt bagay ki ka gen san sou li.
- Si ou ansent, fè yon tès san pou epatit B. Si ou genyen epatit B, asire w ke medsen kap baw swen an konnen pou li ka bay bebe ou a yon vaksen ak HBIG.
- Pa pran enjeksyon dwòg ke yon medsen pa preskri. Si ou fè sa, chèche trètman kap eseye kanpe'l. Si ou pa ka kanpe'l, diminye risk ou lè ou pa pataje egij oswa ekipman (tankou koton, filtè, bouchon, kiyè, veso, ak koton ki gen alkowòl) chak fwa wap enjekte.

Si ou ta rive ekspoze a san oswa likid ki soti nan kò yon moun ki enfekte, wè yon doktè touswit.

Ki moun ki dwe pran vaksen epatit B a?

Tout timoun ki fenk fèt ak timoun jiska laj 18 tan, ak granmoun ki gen plis pase 18 tan ki gen risk, dwe pran vaksen epatit B a. Moun ki gen risk yo se moun ki:

- Fè sèks ak yon moun ki enfekte oswa ki gen plizyè patnè seksyèl
- Gen yon maladi seksyèlman transmisib
- Se gason ki gen rapò seksyèl ak lòt gason
- Kap pran enjeksyon dwòg oswa pataje egij, sereng, oswa lòt ekipman famasi
- Ap viv ak yon moun ki gen epatit B kwonik
- Se timoun ki fèt nan manman ki enfekte
- Ekspoze a san nan travay
- Se pasyan dyaliz
- Ap vwayaje nan peyi ki gen to epatit B ki wo oswa modere

Si ou pa konnen si ou a risk, mande doktè ou.

Ki moun ki pa dwe pran vaksen epatit B a?

Moun ki te fè yon reyaksyon grav ak poud elevasyon (kalite sa yo itilize pou fè pen an), ak lòt bagay ki nan vaksen, oswa ak yon premye dòz vaksen an, pa dwe pran vaksen epatit B a.

